Sinar Krawang

Tah. ka-I

N° 2

24 Juli 1933

No. 2 Taoen I 24 Juli 1933

PANGARANG: COMMISSIE VAN REDACTIE

ALAMAT:
REDACTIE DJEUNG ADMINISTRATIE DAWOEAN-POSTKANTOOR-TJIKAMPEK

Directie [illegible] TAN. Administrateur A. SOETAMIARSA

SOERAT KABAR

22 Moeloed 1864 Harga 10 cent.

ADVERTENTIE:
Nepi ka 25 ketjap aksara biasa sakali moeat f 0.50. Majarna timpah. Langganan badami heula.

DIKALOEARKEUN PIKEUN SAHEULAANAN SABOELAN 2 KALI KOE:
UITGEVERIJ „SINAR KRAWANG" DAWOEAN

SOENDA OEMOEM

# SINAR KRAWANG

Langganan satsoen
f 2.-
Majarna timpah

## Ti C.V. Redactie

Di antara anoe maratja S.K. nomer 1 tangtoe aja anoe njeboetkeun:
a. Naha heureut teuing lambarannana, nepi ka siga programma gambar idoep bae?
b. Naha saeutik teuing eusina?
c. „ loba teuing samboeng langna?
d. . . . . . dj.r.r.d.

Eta sakabeh panaha-naha, tjoekoep koe Redactie di ak[illegible]e kalawan anteb, jen enja pangkitoena.

Ari sababna mah teu aja lian ngan koe lantaran.

„Tatjan reugreug pisarateunana"

Tapi parandene kitoe koe pangdeudeul [illegible] anoe [illegible] kajakinan jen bangsa katoet lemah tjai Indonesia teh koedoe madjoe koe perantaraan soerat kabar, kaajaan S.K. anoe ajeuna mah sigana rada ngoerangan oge kana panaha-naha anoe tadi teh, sanadjan tatjan njoegemakeun sagemblengna oge.

C.V.R. teu petot² neangan ihtiar sangkan eusi S. K. beuki lila beuki njoemponan kana kaperloean sare-[illegible] [illegible]k. sedjen noe geus kaseboet ma[illegible]djoe mah.

. . . . . . . sangkan tinekanan, henteu tjoekoep koe oesaha C.v.R. bae tapi pangdeudeul djeung pangrodjong ti para mitra oge teu koerang mangpaatna.

Batoer djenoek bala rea! S. K. salawasna noenggoe² kana panjokong arandjeun sarerea!

Sakoer anoe ngirimkeun karangan² pikeun eusi S.K. koedoe ngingetkeun sarat di handap ieu:
1. Koedoe anoe patali djeung kaperloean oemoem. Karangan anoe noedjoel ka hidji djalma sarta te mahna matak ngadjadikeun panjerewedan, moal meunang tempat dina S.K.
2. Tjatetan² tina karangan noe sedjen, koedoe diseboetkeun timana [illegible].
3. Oelah ditoelis dina kertas doea beulahanana.
4. Ongkos ngirimkeunana koedoe njoemponan sakoemaha koedoena oelah nepi ka Redactie koedoe didengda koe post.
5. Karangan-karangan oelah ngajajaj, tapi koedoe saeutik mahi sarta patri.
6. Ngaran anoe ngirimkeun karangan teu tjoekoep koe sandi asma [illegible] tapi perloe dibarengan koe ngaran anoe sadjatina.

Oelah [illegible] oelah waswas, ngaran anoe sadjati salawasna dirasiahkeun koe Redactie.

—O—



teh oekoer laoen make emboh salongsantrog. Sabalikna noe rea batjaanana lir noe leumpang di noe poëk, tatapina boga obor anoe tjaang, tangtoe pisan madjoena kalawan gantjang toerta teu paoer tigebroes soemawonna kana sasab.

Pikeun boekti loba pisan tjontotjonto, anoe aja di nagri lian, anoe djadi pamanggoel ngaheujeuk dajeuh ngolah nagara teh lain ti sakola loehoer, tapi sakola biasa ditambahan boetjoe-batja boekoe reudjeung soerat kabar, saperti: Mussolini dictator Italie; Mac Donald premier Inggris; Edison anoe djadi radja listrik, malah ieu mah soeroep pisan lamoen dilandi Batara Soerja, sabab nja ieu pisan anoe njaangan djagat boeana, koe ngempjarna tjahja listrik, estoe lir ti beurang. Tah nepi ka kitoe mawatna rea batjaan teh.

Lentepan.

## Kamadjoean

Lamoen ngadenge atawa njeboetkeun ketjap KAMADJOEAN, sok ras bae inget ka djaman sawatara taoen ka toekang, nja eta waktoe nerekabna boekoe FABRIK SEURI djeung GOEDANG GOEMOEDJENG, nepi ka saniskara lakoe lampah boh noe loeioe boh noe djanggal reudjeung adat noe biasa, poetoes koe disarandekeun kana djaman KAMADJOEAN.

Pangna kadjadian kieu teh, diditoena mah ngarasa agoel, doemeh kaajaan di oerang, geus memper-memper kana kaajaan doenja lian, tjindekna mah geus ngoerangan kasareukseukan.

Boektina kapan di kota-kota mah, soemawonna kota noe galede, tjatjakan di kota noe laleutik oge geus hoetbat djalan aspalna, ranteng telefonna, tingdjarenggleng gedongna rapang tokoto-kona, doegdeg sdegan sakolana, tingdjarentoel bioeskoepna, tingkirining kareta mesin, pasoeliwer kahar delman, doetdot mobil henteu kendat, loertar ngaradon pasiar matak lieur anoe ningal. Tjek saha bae tanah oerang henteu madjoe teh alias aja dina kamadjoean?

Oepama dipikir saliwat mah tetela jen kitoena, tapi lamoen [illegible] kalawan boedi noe lantip disasaran koe rasa anoe sampoerna, soemawonna lamoen make dibanding-banding djeung djaman bihari, waktoe masih ngalagena, nja eta nalika tatjan kareboet pangawasa, tjindekna mah keur tjan djadi tataloekan deungeun, estoe matak njeri matak peurih, mikir-mikir milik diri anoe eukeur dilampahan, neuteup ka hareup, njoreang ka toekang teh matak nalangsa anoe taja papadana, tjarek anoe sompral tea mah mani hajang tjeurik bidjil tjimata getih. Naha di lebah mana bangsa oerang aja dina kamadjoeanana? Kapan parentoel bioeskoepna, ngan oekoer ngaroeboeng-roeboeng, batoer anoe ngarah oentoeng, [illegible] ngan toekang [illegible] [illegible] toekang [illegible]. Nja aja oge ketah bangsa oerang oge anoe ngahogaan, tapi arang langka pisan anoe bisa meuli kontan toer weuteuhan, da ari rereana mah oekoer papalidan reudjeung bobodjodan. Gedong rapang tingdarenggleng, saha eta teh anoe boga? Da ari bangsa oerang mah ari radjeun teh miloe tjitjing ngan sa oekoer djadi baboe atawa djadi djongosna. Naha di lebah mana atoeh madjoena bangsa oerang? Madjoe naonana? Ari anoe tetela mah madjoe kasoesahna, boektina kaoem tani kari daki, kipadagang tinggal hoetang, kaoem boeroeh tingrarahoeh, soemawonna djeung disabet sasalad meleset saperti ajeuna mah, geus lain tjatoerkeuneun deui. [illegible] sakitoe geus leuwih tina [illegible] teh dina pang[illegible]

[illegible] doeran oge [illegible] sabab econ[illegible] mo bisa [illegible] tatjan be[illegible] oerang m[illegible]

• Tina elmoe masih mik[illegible] tjalana moeroengkoet b[illegible] badjoena ngarioet koet[illegible] kabingoeng teu soewoeng[illegible] hiroep ngan oekoer sadib[illegible]

Tah koemaha ari geus[illegible] Naha oerang teh [illegible] ngeunah bae sakieu geus [illegible] olab teh dina laoetan kasoesahan. Asa pirakoe bin moestahil nepi ka betah dina toegenah, itjikiboeng dina dibloeng onaman!

Oepama teu betah, koemaha atoeh nja pipetaeun, koemaha [illegible]lanna, sangkan segah [illegible] genah, toer bisa noendoeng kabingoeng, naon noe djadi lantaran?

Korectie diri pribadi, [illegible] naon kasalahan, teu koedoe noedoeh noe lian. Tetela oerang noe salah, lebih ti soerti taliti, koerang doedoega perjoga, teu tjaringtjing pageuh kantjing, ahirna katjingtjirihi. [illegible] noe ngarandapan.

DARAH MOEDA.

## Ti Administratie

Koe kaloearna S.K. no.2, para mitra tangtos taringali, boh lambaranana boh eusina benten ti S.K. no. 1. Patali sareng eta robihan, kapaksa pangaos etjeran ditaekeun djadi saketip salambar. Langganan anoe sakawit f 1.— sataoen, ajeuna djadi f 2,—. Soegri anoe nampi proefnummer nanging henteu ngawangsoelkeun deui, dianggap djadi langganan.

Sarengan ieu dikintoen blanco postwissel, moegi kersa ngawangsoelkeun deui ka Adm. sinareng artosna kanggo waragadna „S.K." sataoeneun ti pajoen.

Diteda ka djrg. anoe kapoerih mangitjalkeun „S.K."no.1 namoeng teu atjan ngintoenkeun artosna, moegi enggal dikintoenkeun ajeuna ajeuna (atoeranana tingali dina „S.K" no.1.

Ti kawit ajeuna korting kanggo agent agent, diwoewoeh 10% deui djadi 20%.

Administratie.

—o—

## „Journalistiek"

[illegible]

„Soendjan ieu ketjap teh djolna tjoe [illegible], lain pitoein made ta randa [illegible] pikeun anoe sok K. Soeltan: „[illegible] oesik malikna toeh salah maneh, kabar mah geus teh henteu didjaga [illegible] pikeun anoe [illegible] koe eta ketjap [illegible] ka noe gila [illegible] asa banda-udjeung asa hakna bae djigana Malah sok make sirik pidik [illegible]

watir, lantaran eta kantja oerang teh koerang sehat, tegesna boga kasakit, nja eta kasakit reueus, kasakit hawek, gila pangkat, djeung kasakit sirik pidik, pasek moenapek tjarek santri tea mah.

Lamoen oerang manggih kantja model kieu, sabisa-bisa koedoe diparantjahan koe roepa-roepa nasehat anoe sakira mangpaat sarta sakalian pangnedakeun ka Goesti anoe kawasa, moega-moega eta kantja oerang teh masing geuwat-geuwat dipangdjaoehkeun tina sipat-sipat anoe ditataan di loehoer.

Oerang koedoe moedji soekoer ka noe Agoeng, lamoen dina hiroep koemboeh oerang geus perentoel journalisten, noe geus mojan dina koran, toer palinter entjer pikir, binekas rarea odjah, keur panjipoeh hiroep koemboeh noe masih di djero ripoeh, sangkan oendoer ti ngalindoer, oedar ti marga kasasar.

Sabalikna oerang koedoe ngahiap-hiap ka kantja noe keur diadjar moeka akal moeter pikir, miloe tandang dina koran, sarta moegi Maha Soetji maparinan tjaang padang ka kantja noe kakara tandang, miloe ngoeroes hiroep koemboeh, ngageuingkeun noe tjan hoedang masih disimboet kabingoeng dikasoer koe kasasaran.

Omat pisan oerang rek ngahina atawa ngahalang-halang ka kantja anoe rek tandang, sareh ningal sareatna, eta kantja teh boh oemoerna boh diploma reudjeung pangalamanana estoening pikawatireun.

Lamoen oerang boga kajakinan kitoe, oelah rek njalahkeun ka noe lian, lamoen oerang diseboet: Berkoeping tida mendengar, bermata tida melihat teh. Goesti Allah mah sipat moerah, sarta maparinna ilham kapan tara pilih boeloe, teu noeroet oemoer teu pandang diploma. Kapan teu koerang-koerang made in sakola loehoer enggoning ngolah soerat kabar noe djadi b[illegible]ali kalamna teu beda ti ngarang dictaat, oelikeun noe repetitie, tangtoe rea noe teu [illegible]

reudjeung mindah-mindah rasa keur hantjengan oerang rea.

Tjindekna djadi journalist teh teu goemantoeng ka sakola noe laloehoer, henteu mandang kana roebakna diploma, tapi boga bakat noe asal bawa ti koedrat, meunang ilham ti Jang Soekma toer dileler madjoe pikir parabot moeka masalah [illegible] soesoegoen hiroep koemboeh, djoeangeun oerang rea.

Tadi di loehoer geus ditjaritakeun, jen sok aja sawatara parakantja, noe sok radjeun ngalelewang satengah ngahalang-halang ka kantja noe tjatjarakan diadjar djadi journalist.

Eta teh teu aja lian iwal ti ngadjaga ngaran nangtajoengan journalistiek, sangkan oelah katjeretan roepa-roepa kokotoran. Kapan teu koerang-koerang kadjadian pigeusaneun tjonto. Sapertina sok aja anoe boga rasa dirina djadi (ngarasa bisa djadi) journalist, toeloej singkil poepoerikil metiak ngedal koran. Gantjangna koran kaloear: sakali moenggeng wawangi, kadoeana ngembang boegang, katiloe asoep ka koeboer, kaopatna tinggal ngaran, kalima djeung satoeloejna.

Tah koe kaajaan anoe saroepa kieu teh, pohara matak ngarendahkeunana harkat doenja journalistiek, tjek sawatara mitra anoe geus ngarasa djadi journalist mah. Padahal lamoen dipikir kalawan boedi noe lantip, disasaran koe rasa anoe sampoerna kaajaan anoe saroepa kitoe teh pohara matak ngangkatna ka sakoemna journalisten.

Ari noe djadi lantaran, koe koebrana roepa-roepa soerat kabar teh estoening hidji totonden anoe noedoehkeun jen ngalan soerat kabar teh alhasil djadi journalist, lain pagawean bantrak-bantrakan. Ana kitoe anoe djadi journalist teh estoening djalma pilihan, anoe dibisloeitan koe Pangeran koe bakat djeung roepa ilham noe goena keur oerang rea.

Koe lantaran bakat djeung ilham teh hese ditangarkeunana, pikeun anoe boga rasa bisa atawa ngarti kana djalan journalistiek, taja deui akalna iwal ti koedoe molah soerat kabar minangka examenna; madjoe bae soerat kabarna tetela oerang teh ginoeloeran wahjoe ti noe Agoeng, ginandjar roepining ilham pikeun eta patjabakan, atoeh teu madjoe bae nja oelah dipaksakeun, anggoer tjari djalan lain. Oerang teu koedoe ngarasa era sareh soerat kabar koebra, reh teu mah babakatan teu koedoe ngarasa roegi reh pawit noe tadi leungit, masing inget meh sakoemna panatan ngarep-ngarep kana korban.

Noe noelis jakin, jen journalisten teh pohara gede goenana keur ngomean hiroep koemboeh, sabab pikeun njirikeun moendoer madjoena salah sahidji bangsa teh ngoekoer ka soerat kabarna. Samangsa-mangsa hidji bangsa aja di kalangan madjoe, enggeus tangtoe nja rea batjaanana [illegible] soerat kabarna, djadi saha-[illegible]

[illegible] Bangsa oerang di Indonesia, [illegible]

diseboetkeun saeutik ± 11 joeta teh, sabab meh 1½ kalieun pendoedoek (priboemi) nagri Walanda. Tapi aja sabaraha % (persen) noe sok matja soerat kabar? Estoening matak nalangsa lamoen dibandingkeun djeung bangsa deungeun mah. Sabab di bangsa deungeun mah oelah boh bangsa ningratna atawa bangsa amtenaarna, kapan ti kaoem tanina nepi ka koeli pelatna njarandingkeun soerat kabar; anoe miskin teu koeat majar langganan dibelaan meuli ngetjer sok dimana kabedagna. Kaoem-kaoem boeroeh dimana aja waktoe pikeun ngaso tina pagawean ana tara dipake nganggoer atawa ngawangkong teu poegoeh, tapi diparake matja koran beunang mekel ti imahna, anoe teu sadia ti imahna, dibelaan moeloeng koran beroet sarta toeloej dibatja, toeh kitoe ari di bangsa deungeun mah.

Koemaha ari di bangsa oerang, estoe sabalikna pisan. Koe kitoe tea mah teu matak heran, tapi matak handjakal, lantaran di oerang mah rereana noe teu ngarti lantaran henteu sakola. Aja oge anoe enggeus malangarti estoening pinalangsaeun, sabab rea anoe kana soerat kabar bangsana mah estoe teu hir teu walahir, djigana teh teu wawoehwawoeheun atjan. Malah sakalieun pasanggrok oge djeung koran bangsana, sirikna teu didjebian, bari mojok koerang eta euweuh itoe reudjeung sadjaba ti dinja.

Padahal ari enja mah soerat kabar bangsana teh loba katoena rea kakoerang, lain koedoe dipojokan kitoe, tapi geuwat rawoe sarta pangkoe, geuwat omean lebah mana toenana, lebah mana koerangna, lamoen geus atra sarta tetela pangkitoena oelah rek ad-ad asa-asa deui, geuwat dangdanan geuwat tambahan, arek ngandelkeun saha deui atoeh ngadangdanan kakoerangan teh ari lain koe noe ngarti, lamoen enja-enja mah bangsa sorangan teh hajang madjoe.

Kadoeana rea pisan bangsa oerang noe geus ngarti, tapi tara boeloe batja, padjah teh teu aja wakt[illegible] padahal anoe pangbeurat-beurat[illegible] digawe teh moal (tara) leuwih ti 10 djam, djadi masih bisa keneh njotjeng ka anoe 14 djam, da[illegible] pirakoe soegan ari 24 djam [illegible] dipake digawe djeung sare [illegible] mah kabeh.

Sakali deui lamoen enja-enja arandjeun hajang madjoe (hajang diseboet bangsa anoe geus madjoe), geura padjoekeun [illegible] bangsa arandjeun anoe masih keneh [illegible] laoet kamoendoeran. Sabab [illegible] arandjeun boga rasa [illegible] djoe, tapi teu aja pisan [illegible] ngan sadirieun arandjeun [illegible] sabab lamoen arandjeun [illegible] ka nagara anoe lian, tetep mo meunang pangadjen, meureun dianggap koe batoer mah arandjeun [illegible] roea bae djeung anoe sedjen, nja eta hidji bangsa tataloekan deungeun noe pinoeh koe kabodoan.

Pikeun ahli soerat kabar pohara manghandjakalkeunana ka kantja noe bisa matja, boh boekoe boh soerat kabar ([illegible] soerat kabar), sanadjan [illegible] koe theorie, teubeut koe keur [illegible] djegoed koe elmoe bebekelan ti sakola, hiroepna [illegible] moen dibanding djeung bangsana noe sok daek boetjoe-batja.

Sabab tjarek [illegible] palinter oge, [illegible] noe batja teh boh boekoe boh soerat kabar, [illegible] djeung noe [illegible] tapina teu [illegible] madjoena

## Bibit berewit akar mala[illegible]

Roepana bae sanadjan njoengsi [illegible] langit, ngotektak [illegible] oge pikeun bangsa Soenda mah moal aja anoe bireuk deui kana eta ketjap [illegible] teh. Tapi sanadjan kitoe, moal aja hidji djelema anoe daek kaantjikan koe eta ketjap teh, iwal anoe ngabogaan martabat wali mah, sabab pikeun djelema biasa mah, taja deui anoe ditjita tjita ngan bangbalikanana bae, nja eta soegih moekti heurat beunghar tea. Tapi nja eta atoeh, boeboehan alam doenja mah tempat samar tea, sok aja bae anoe matak teu kaharti koe akal teh. Tadi di loehoer geus diseboetkeun jen moal aja hidji [illegible] malarat iwal [illegible] Tapi lamoe[illegible] ditaloengtik kalakoean [illegible] koerang-koerang djele[illegible] hadja ngapawaetoean, [illegible] djadi [illegible] lamoen tadina geus [illegible]

Tjontona saperti [illegible] boh dina njoenatar[illegible] keun, soemawon[illegible] maksoedna pisan [illegible] pisan teuing mat[illegible] teh; sakitoe geus [illegible] beunghar koe kar[illegible]

likna pisan [illegible] sarerea. ta[illegible] bae, malah [illegible] pisan tjar[illegible]

Geuts [illegible] oerang [illegible] beunt[illegible] oge [illegible]

## Kaom tani djeung pangasilanana.

Oenggal-oenggal taoen koe kaoem tani taja deui noe diarep arep ngan moeloes djeung oentoeng beubeunangan tina hasil sawahna. Pikeun ngoedag kana maksoedna tadi, teu weleh-weleh maranehanana ihtiar make djalan kasar atawa aloes.

Kasarna: Banting toelang mandi kringet [illegible] di kaljape djeung [illegible], teu tolih koe kabeedjanan [illegible] kapanasan, dina waktoe ngagarap tanahna.

Teu koerang-koerang kabedjakeun dina sawatara soerat kabar kadjadian sedih toemiba ka kaoem tani, dina waktoe keur ngadjalankeun pagaweanana, saperti: Noe gareloet silih djotos nepi ka silih kadek, lantaran pareboet tjai, atawa disamber gelap. Djalan aloesna: Ti sabarang woer ngawoerkeun bangsal (bibit) nepi ka diala boeahna teu petot-petot neangan toembal kias tarekah noeroetkeun sakapertjajaan-sakapertjajaanana noe maksoedna ngadjaga kasalametan moeloes boeahna.

Koemaha ari geus nepi kana waktoena? Sadjaba loba noe diroeksak koe hama teh, oge pikeun pasawahan di bawahan Regentschap Krawang dina taoen ieu mah ngoerangan beubeunanganana. oepama dibandingkeun djeung taoen anoe kaliwat.

Di bawahan district Tjikampek, saperti di dessa Djatisari, Djatiragas djeung Tjitjinde, noe kamashoer aloes pasawahanana pikeun di sa-Regentschap Krawang, noe biasa beubeunanganana dina sabaoe ti 30 nepi ka 40 pikoel teh, dina taoen ieu mah ngan oekoer 30 pikoel noe kaseboet pang oentoeng-oentoengna teh; rata-ratana mah moeng oekoer 20 pikoel bae.

Dibawahan district Tjikampek keneh, saperti: Desa Tjipondoh, Kedawoeng, Wadas, biasana bisa meunang 20 pikoel nepi ka 30 pikoel dina 1 baoe, sedeng dina taoen ieu 1933, moeng oekoer ngawelas bae, aja oge noe bisa meunang ti 20 pikoel atawa leuwih, tapi arang langka pisan.

Banting toelang mandi kringet patani ti isoek nepi ka boerit, ngagarap sawah salilana oemoer pare, anoe dina adjamanana pikeun bekel hoerip [illegible] anak boedjo di djero salawasna, ajeuna ngaboektikeun [illegible] sakitoe hasilna. Dimana bisa njimpen pare keur dahareun sataoeneun?

Sawahna: Para maos mangga oerang wintjik heula tanggoenganana.

1 Oemoemna pikeun kaoem tani dibawahan regentschap Krawang mah, modal njawahna teh oepama geus teu kadada koe tanaga, oendjam-indjeum doeit renten, noe biasana f 10.— djadi f 16.— perdjangdjian bajar panen.

2 Oepama noe njamboet sawahna rada lega, tapi teu boga moending, sok njewa moending noe sewaanana 12 datjin sarakit

3 Kawadjiban majar padjeg landrente, nja eta ti f 3.50 nepi ka f 8.— koerang leuwih dina 1 bauw noeroetkeun klasna.

Noe no. 1 djeung no. 3 koedoena dibajar koe doeit, noe geus tangtoe doeitna nja ti ladang pare tea, sedeng harga pare dina taoen ijeu anoe sakitoe moerahna

Sanadjan harga pare franco di fabrik f 1.10 tjere atawa f 1.40 boeloe, tapi ari di kampoeng mah di tempat patani, moeng oekoer f 1.— tjere djeung f 1.25 boeloe, samalah aja noe koerang ti sakitoe, (leuwih mahal oejah sagandoe ti batan tjere sagedeng A.S.)

Para maos soemangga reken sabaraha kabagianana pa tani sesa majaran ijeu itoe? Komo lamoen noe sawahna meunang njewa mah.

Sanadjan koe ajana potongan padjeg landrente 30%, pikeun di bawahan Krawang, tatapi ngingetkeun beubeunangan hasil sawah dina taoen ijeu anoe sakitoe moendoerna, sarta harga pare anoe sakijeu moerahna, roepa-roepana kaoem tani di bawahan regentschap Krawang, masih keneh kabeuratan, koe ngan dipotong 30% padjeg landrente teh. Boektina: Dina Sipatahoenan no. 113 tanggal 19 Mei geus dimoeat salinanana soerat ti pendoedoek desa Djatiragas sarta rata-rata kaoem tani nareken, noe maksoedna rekest ka G.G. soepaja padjeg ditoeroenkeun deui make alesan noe kaseboet di loehoer.

Moedah-moedahan rekestna pendoedoek Djatiragas tadi, djadi timbangan noe agoeng.

ASOET.

## Bandjar karang pamidangan

Dina hidji imah leutik deukeut stopplaats Pasar Djoemaah, remen dipake maen katoe bolf domino boh djoedian (?)

Dipenta soepaja poelisi nalingakeun sarta ngalarang eta pamaenan, sabab sanadjan dilenteu-henteu oge ari ngagoenggoe kana kaamanan mah moal boa.

ooOoo

Didengekeunana dina boelan ieu nohara lobana rampog anoe ngadjalankeun kadjahatanana.

Lamoen teu salah di bawahan Tjikampek bae aja 2—3 tempatna.

Pertjaja kana kagetolanana poelisi-poelisi, sarta moal boa eta pandjahat-pandjahat baris katangkep Moega-moega bae.

ooOoo

Djalan-djalan desa di djero kota Krawang, katembongna keur dioemedibade-bade, malah aja sawatara anoe digiling sarta diaspal.

Koemaha ari solokan pikeun ngalidkeun kokotoran?

Ijeu oge hedjana keur dioesahakeun, Soekoer.

oOo

Tanggal 2 Juli n.a.k. Pasoendan Pagaden geus ngajakeun openbare vergadering anoe dilocoehan koe wakil H.B. djrg.: Moehjidin, los djeung Natanagara. Anoe daratang k.l. 1000 djalma.

Tanggal eta keneh di Poerwakarta diajakeun openbare vergadering Partindo, tempatna di Pasoendanschool. Noe laladjo loba noe teu kabagian tempat.

Anoe njarita njaeta djrg². Pantouw, Gatot Mangkoepradja, Saleh Rais, Atmadisastra, Soewirjo.

Regentschap Krawang haneuteun!

oOo

Aja bedja, jen R. Rg. Kartahadimadja, djrg. patih Poerwakarta baris dipindahkeun ka Soekaboemi njaeta ngaganti anoe anjar2 ieu diangkat kana Dalem di dinja.

Saha anoe baris ka Poerwakarta? Oerang toenggoe bae heula.

Tjabang Partindo Krawang ajeuna geus disahkeun koe H.B. na.

* * *

Kana medja Redactie „S.K." geus datang kiriman hidji boekoe basa Indonesia ti Electr. Drukkerij Albrecht & Co Batavia C. anoe make djoedoel „Boekoe jang pertama oentoek pendjadjah" (verkenner).

Anoe dieusi atoeran-atoeran officieel tina bagbagan kapandoean (Padvinder).

Eta boekoe dikarang koe Lovt. Robert Baden-Powel.

Oepami ngilik kana eusina, harga f 0.65 hidji boekoe teh estoe kalintang moerah.

oOo

Aja bedja, jen Commandant Veldpolitie di Krawang Vorstman van Oojen baris dipindahkeun ka Detaschment Veldpolitie di Tanggerang.

---

Redactie geus narima bewara ti Pangoeroes, anoe nerangkeun jen lamoen njoemponnan kana pimoerideunnana, dina djero boelan Agoestoes atawa September n. b. d. di Tjikampek baris diboeka hidji sakola H. I. S. partikoelir anoe digoeroean koe hidji goeroe anoe ngantongan diploma H. I. K. toer geus ngarasa digawe di H. I. S. Goepernement.

Malah make rek ngajakeun sakola sore make basa Walanda djeung Inggris,

Moega-moega sing laksana.

Nimiti ti ieu boelan, harga kartjis Stoomtrom toeroen meh %.

Ti Tjikampek ka Tjilamaja ngan 14 sen mal 20 sen.

Ti Tjikampek ka Wadas ngan 12 sen mal 20 sen.

Ti Wadas ka Krawang ngan 12 sen mal 20 sen.

Ti Krawang ka Rengasdengklok ngan 12 sen mal 20 sen.

Ieu panoeroena kawasna lain bae pedah ajeuna oesoem tigerat, tapi oge patali djeung lobana omnibus atawa taksi anoe beuki lila beuki rea bae.

---

Anjar2 ieu pandopo kawadanan Tjikampek geus dioenean oebinna, lantaran melesek ka handap. Poegoeh bae ajeuna mah aloes.

Tapi leuwih aloes lamoen dimana koempoelan loerah-loerah kabeh dariock dina korsi, boh bawana sorangan, boh disadiakeun; oelah tjara noe enggeus2 loerah2 teh hempak sarila di handap. Moega ieu toelisan diemoetkeun koe noe wadjib.

---

Waktoe-waktoe ieu di Dawoean aja 4-5 na djalma anoe katerap panjakit ateul. Kaajaanana reureundahan; lamoen keur karasa mani boeroentoes saloear awak, tapi teu lila leungit tanpa lebih ilang tanpa karana, balik deui saasal.

Panjakit ateul model naon ieu teh?

oOo

VERSLAG RINGKES OPENBARE VERGADERING PARTINDO DI KRAWANG.

Tempatna di gedong Bioeskoep didatangan koe 800 djama, di antarana aja 14 istri.

Wakil pers: Sinar Krawang-Sipatahoenan-Galih Pakoean, Kawan kita djeung Banteng.

Ti pihak poelisi tjoekoep, malah aja ambtenaar ti P. I. D.

Noe djadi voorzitter vergadering djrg. Pandi. Samemeh pasamoan diboeka, nanjakeun heula wakil-wakil oetoesan.

Djrg. Atmadisastra njaritakeun sabagian poetoesan-poetoesan Congres Partindo anoe ka 2 di Soerabaja. Djrg. Saleh Rais ngadadarkeun perkara sarikat tani djeung sarikat boeroeh. Sarta nerangkeun perloena kaoem istri ngadeudeul kana koempoelan-koempoelan poelitik.

Spreker manghandjakalkeun reh kaoem istri anoe daratang harita katjida saeutikna.

Djrg. Sabran nerangkeun hal pergoerocan kabangsaan djeung swadeshi sarta koperasi-koperasi.

Djrg. Lasmikin (istri) ngadadarkeun perkara perloena istri-istri asoep kana pergerakan poelitik. Andjeunna njokot tjonto ti nagara-nagara sedjen.

Djrg. Pantouw nerangkeun kalawan etjes hal Program politiek djeung roepa-roepa isme, saperti: kapitalisme-imperialisme dj. s-t.

Pasamoan diboeka poekoel 9.20 ditoetoep poekoel 12.30 sarta diping koe Indonesia-Raja djeung lagoe barisan Partindo.

Setopan ti P. I. D. 3 kali sakali ka djrg. Saleh Rais soepaja sabar dina njarita. Doea kali ka djrg. Pantouw, soepaja oelah make ketjap tertindes djeung sina nerangkeun deui naon maksoedna make ketjap diboeang.

Verslag noe pandjang lamoen perloe dina S. K. no. 3.

## PATOK PODJOK

Boh timbanganana boh pamanggihna hidji-hidji djelema teh arang langka noe sapatotos. Lolobana mah pasalia bae, tjek itoe kieu, tjek ieu kitoe.

Geus teu aneh, da ilahar!

Entong deui tah kadoenjaan, dalah bagbagan kaagamaan anoe make patokan (statuten) Koer'an, teu boeroeng djadi patjektjokan, moen patjektjokan tea mah.

Tapi keun bae da geus loembrah!

Abong kena djelema, sok djoeldjel!

Dasar o e w o n g atine g o r o w o n g!

Tapi parandene kitoe ari m a n g e s a mah koedoe neangan m a n a a n o e s i a.

Tjara eta geura, timbangan djeung pamandangan djelema ka ngaran „SINAR KRAWANG"

Tjek saoerang: „Handjakal eta soerat kabar teh dingaranan „SINAR KRAWANG". koe heureut teuing ngan oekoer Krawang, karoenja dibere ngaran kitoe, sieun pondok lengkahna djeung deukeut deuleuna, henteu heran! lamoen engkena aja Sinar Dawoean, Sinar Tjilamaja . . . . tjara club maen bal.

Ari tjek noe sedjen: „Moepakat dingaranan „SINAR KRAWANG, sieun ........ komo ngaran Sipatahoenan mah ngan oekoer ngaran leuwi, ari leuwi tea leuwi, salega-legana ge leuwi, tapi katembongna beuki madjoe bae, nepi ka bisa hiroep leuwih ti 10 taoen, toer langganana mangrewoe-rewoe.

Hanas eta di ahir baris aja Sinar . . . . Sinar . . . ., dj. t. t. d. tjara club maen bal, poegoeh aloes sina beuki loba soerat kabar bangsa oerang, ari geus loba mah loba deui batoer keur paheujeuk-heujeuk leungeun, sili geuing sili aping enggoning ngatoer hiroep koemboeh bangsa oerang.

Sakitoe tah pasaliana teh.

Tapi tangtoe aja hikmatna!

SIMBRAN & DJAMBRIN

---

tapi naha bakal tetep eta teh djadi milik oerang? Anoe moal tea kana kitoe teh, sabab di ahir tangtoe [illegible]e njamboengan ka oerang [illegible] karariaan. Djadi sakitoe [illegible]rang nampa panjamboe- [illegible] sakitoe roepia deui bakal [illegible]gkeun. Koe sabab eta telela [illegible]noe tadi mah moenana teh, [illegible] njamboengannana mah [illegible] poelang-poelangkeun deui; [illegible]an mana oentoengna? Aja meueus anoe kitoe, tapi teu koerang-koerang anoe tas kariaan teh beak sawah beak taloen, malah imah oge njiroeroek di imah batoer lantaran radja kajana dipake modal kariaan, ditandonkeun kanoe lian, ari majarna ngandelkeun panjamboengan ti noe sedjen. Leuheung meueus lamoen aja noe njamboengan, koemaha ana teu aja?

Kapan teu koerang-koerang tjonto, dimana boebar kariaan teh rea noe ngahoeroen baloeng koe toelang, noe nagih pagoeloeng-goeloeng, da tadi modalna teh beunang ngahoetang, kari-kari beubeunangan teu tjoekoep kana majar wajang-wajang atjan. Malah di bawahan Krawang mah teu koerang-koerang anoe kariaan noedjoe ngemproeng, ari anoe boga imahna ilang tanpa krana, sabab tengah peuting oge geus [illegible]ntaran ngingetkeun baja- [illegible]h-poeloeh, malah aja [illegible]s anoe didjangdjikeun [illegible] saboebarna kariaan [illegible]angan ngan oekoer [illegible] dina djaman [illegible] mah. Tapi [illegible] sakitoe [illegible]riaan [illegible] bae [illegible]

pada kolot bae; koe sabab eta, teu koerang-koerang anoe dina proekna kawin henteu meunang kaboengahan, malah sabalikna: djadi koe sabab eta, koe noe djadi kolot teh dibeberah sangkan gerah, koe ngajakeun tatanggapan, ari ajeuna mah lain-lainna deui, dina ngadjodo teh si kolot mah ditaro dihalakang, djadi soeka djinis pada djinis, djadi teu perloe direntjeng rentjeng deui.

Dina njoenatan, baheula mah nja kitoe keneh bae, baroedak teh langka pisan noe sok sadrah soemerah, boektina loba noe meh akil baleg tatjan disoenatan. Pikeun pamikat sangkan soemerah tea, nja koe pangrentjeng-rentjeng tea. Ari ajeuna, gede meueusan oge baroedak geus ngoerihit ka kolotna menta geura disoenatan, reh era koe babatoeran. Toeh, di lebah mana koedoena dipikat koe tatanggapan teh?

Sok radjeun oge aja noe njeboetkeun, jen taja pisan tanda njaah ka noe djadi anak, ari nepikeun ka nijs mah.

Ieu oge salah ka bina-bina, sabab ari enja mah njaah ka anak, matak naon eta doeit noe dipake modal kariaan teh dibikeun bae ka boedak anoe dikawinkeun tea, boh dibeulikeun kana imah, boh kana sawah, atawa doeitna pisan sina digolangkeun koe noe djadi anak minantoe, pikeun bekel hiroepna, tangtoe katampana sarta mangpaatna ka noe djadi anak, leuwih batan dipake kariaan.

Nja kitoe deui dina njoenatan tea, ti batan dimonjah-monjah kana kariaan mah leuwih hade dibeulikeun kana bibit moending atawa sapi, keun sina diangon koe boedak noe entas disoenatan tea, dina sedengna rarabi eta boedak, tangtoe sapina (moendingna) geus aja sawatarana. Tangtoe tjoekoep keur bekel lakirabina.

Lamoen oerang kieu djalan mikanjaahna kanoe djadi anak, djadi oentoeng ka sarerea, radja kaja [illegible]rang moal kaganggoe, sabab enja [illegible]eun ka anak tapi pohara [illegible] batan dipake ria-ria. [illegible]g kawawoehan moal [illegible]etang indjeum keur [illegible] oerang, noe djadi [illegible]angna da enggeus

Lenjepaneun.

## Sempalan

### tina s.s.k. sedjen

Anjar-anjar ieu geus kaloear bislocit, anoe netepkeun jen kabeh amtenaar goepernemen dilarang pikeun djadi lid tina koempoelan P.N.I. djeung Partindo.

Saha-saha anoe maksa, tangtoe dilepas tina pagaweanana kalawan henteu hormat.

—o—

Bajaran sakola kelas 2 mimiti boelan ieu ditambah 2 tahapan deui, njaeta tahapan ka 6 djeung ka 7.

Tahapan ka 6.

1 boedak f 0.10; 2 boedak f 0.15
3 boedak f 0.18; noe sedjen f 0.03

Tahapan ka 7.

1 boedak f 0.05; 2 boedak f 0.07
3 boedak f 0.06; noe sedjen f 0.01

—o—

Dina tanggal 27 n.k. tanggal 31 Juli, P.K.N anoe diloeloegoean koe Pangeran Soerjadiningrat tea, baris ngajakeun kongres di Mataram ngabadamikeun roepa-roepa masälah, diantara nja eta perkara: Ngoperkeun sakola kl. 2 ka Karaton, hoekoem adat, perdjangdjian toean-toean kontrak djeung Kraton, pangadjaran kabangsaan, hakna pagoejoeban djeung pakoempoelan, njokong kaoem patanen enggoning ngadjoeal pangasilanana.

Moegi-moegi eta kongres sing moeloes hangloes, sarta tinekanan naon anoe dipimaksoed.

—o—

Pamerentah aja niatan rek ngaloearkeun doeit anoe pangadjina satengah peser. Ieu niatan tjenah patali djeung padjamanan tigerat alias malaise.

Iraha rek dikaloearkeunana djeung koemaha roepana eta doeit, oerang dagoan bae heula.

—o—

Dina tanggal anoe engke baris ditetepkeun, kantor-kantor pos djeung telegraaf di: Tanggerang, Tjiamis, Batang, Djatiroto, Kertosono, Kraksaan djeung Sidoardjo baris dileungitkeun, sarta sawareh baris diganti koe kantor pos pertoeloengan.

—o—

Tetempe djeung ontjom, anoe lain bae djadi lalawoeh dahar diilaharna bangsa oerang, tapi oge djadi paoesahaan disawareh bangsa Indonesiera; engke mah bedjana, oerang Djepang oge rek njieun eta dagangan.

Lamoen enja eta kabar, koemaha barisna kaajaan padagang tetempe djeung ontjom bangsa oerang? Moal kasedekeun mah?

—o—

Anjar-anjar ieu koeli-koeli di pabrik soeroetoe Negresco geus njieun protest actie anoe diloeloegoean koe djrg. Soekemi, tempatna di Mataram.

Ieu protest-actie teh patali djeung kaajaan di eta pabrik anoe katimbang koerang njoegemakeun ka sabagian gede koeli-koeli di dinja. Anoe ngadeugdeug lain ratoes deui, tapi reboean djalma.

Koemaha toengtoengna, tatjan aja hedja deui.

—o—

Moal boa tangtoe njamboeng djeung besiniging deui bae, padjar teh pangiring toean besar G. G. dina taoen 1934 mah baris dikoerangan saoerang. Koe ajana ieu pangoerangan, pamarentah bisa rikrik f 33.080. Lain loemajan!

—o—

Landraad Klaten (Solo), geus moeloes perkarana lid-lid P.N.I. nja eta djrg-djrg.

Mangoendimodjo dihoekoem 18 boelan.

Pontjo Kromo dihoekoem 15 boelan.

Pontjo Moeljono dihoekoem 6 boelan djeung Kerto Soemito dihoekoem 2 boelan,

—o—

Mimiti tg. 6 boelan ieu, Kweekschool pikeun awewe di Salatiga (Semarang) dipindahkeun ka Mataram (Djogjakarta).

Sabalikna Normaalschool awewe di Mataram dipindahkeun ka Salatiga.

Ieu robahan taja lian ngan koe lantaran patali djeung ngirit-ngirit ongkos pikeun ngagadjih goeroe-goeroena.

—o—

Engke ti tanggal 18 nepi ka tanggal 22 boelan ieu di Garoet baris diajakeun pasamoean S. I. A. P. djeung P. M. I. satanah Pasoendan. Comite eta pasamoan dioeroes koe djrg-djrg. M. A. S. Djadjoeli, Mhd. Amsar djeung Saetoelloh. Alamah eta Comite di Tjiledoegweg Achter (Garoet).

o

Doeit kertas f 2.50 djeung noe f 1 mimiti tanggal 1 boelan ieu dileungitkeun, hartina moal lakoe deui.

Tapi parandene kitoe, pamarentah mere keneh omber nepi ka toetoep boelan ieu, soepaja eta doeit kertas boeroe-boeroe ditoekeurkeun ka Algemeene atawa ka Hulp s'Landskas. — Liwat ti ieu boelan, moal ditarima deui. Kade poho!

o

Tjek bedja, di Malang Loba baroedak anoe katerap koe kasakit loempoeh.

Di roemah sakit Soerabaja aja hidji anak Walanda anoe katerap koe eta panjakit, keur dioebaran.

—o—

Pikeun pertjobaan nepi ka beak taoen ieu, Veldpolitie di karesidenan Batawi, Tjirebon, Kediri, Besoeki baris diganti koe marsoese.

Di karesidenan Batawi: Tjikarang djeung Bakasi. Di karesidenan Tjirebon: Indramjoe. Di karesidenan Kediri: Toeloengagoeng djeung Trenggalek. Di karesidenan Basoeki: Banjoewangi djeung Genteng.

—o—

Tanggal 1 boelan ieu djrg. Ali Archam, anoe diboeang ka Digoel lantaran miloé kana kariboetan koeminis dinoe taoen 1926 tea, geus maot. Iwir!

—o—

Korban lini di Soematra anoe kadjadian dina poe Minggoe tg. 25 Juli 1933 teh, nja eta:

Di Palembang aja sawatara toko anoe bareulah bilikna.

Di Sekanak loba imah-imah noe roeboeh; kawas-kawas listrik kontak, parareum lampoe-lampoena.

Kampoeng Banding Agoeng (Ranan) meh moesna.

Di kampoeng Kota Baroe (Ranan) loba imah raroeboeh, djelema-djelema rea noe maraot.

Djalan-djalan di Moeara doea djeung simpang oeroeg. Noe maot 95, noe latoe 100, noe tjilaka 200.

Di bawahan Kisam aja 14 noe maot. Di Mekakau Ilir aja 85 imah noe roeboeh, 7 noe roesak, 11 leuit noe abreg.

Ieu lini teh tjenah koe lantaran ngarioetna dasar laoet palebah poelo Enggano.

—o—

Noeroetkeun bedja ti Nanking (Tiongkok), padjar teh aja 5 kapal perang anoe kaboer, sarta njobanjoba mangkat ti Tjingtau ka Canton.

---

## PESEKEUN

1.

Sarerea oge tangtoe tarerang, jen oenggal regentschap teh ngabogaan pirang-pirang district.

Oenggal-oenggal distrik ngabawahan sababaraha onderdistrik. Oenggal-oenggal onderdistrik ngabawahan pirang-pirang desa. Oenggal-oenggal desa [illegible] ngabogaan sababaraha ratoes malah reboe rajat (somah).

Lamoen kaajaan, somah-somah dina pangadjaranana, boh hiroep koemboehna madjoe, tangtoe eta desa kaseboet madjoe.

Lamoen desa-desa tea maradjoe, mawa harti jen onderdistrikna oge madjoe.

Oepama onderdistrik-onderdistrikna maradjoe, pirakoe distrikna kaseboet moendoer djeung saleroesna.

Kitoe deui sabalikna!

Tjindekna: Nagara moal diseboet gemah rahardja, pasir woekir loh djinawi, satoengtoeng somahna aja dina djero sagala kakoerangan.

Sangkan nagara kerta djeung aman, taja lian ngan rajatna heula koedoe oelah aja kakoeranganana.

Pikeun ngaleungitkeun kakoerangan tea, lain hantjaeun saoerang-saoerang tapi koedoe koe doea beulahanana, nja eta somah djeung noe djadi pangoeroes sing daraek digarawe babarengan, sabab kapeurih djeung kangeunah teh lain ngan karasa koe somah bae, tapi koe sarerea.

Moen dina tatangkalan mah somah teh minangka akarna.

Lamoen di akar paeh, moal salah deui: tangkal, dahan, regang katoet daoenna oge tangtoe miloe paraeh.

Ari akar tea aja doea roepa nja eta akar pantjer djeung akar majang. Akar majang leuwih loba ti batan akar pantjer.

Hiroepna si tangkal dahan dj[illegible] teh lain ngan koe akar pant[illegible] bae, tapi akar majang anoe pan[illegible] lobana mere kahiroepan.

Djadi ajeuna akar majang mawa harti anoe pohara [illegible] pikeun si tangkal ka[illegible] anana, sarta d[illegible] anoe lain lo[illegible] pantjer.

Noe matak sin[illegible] djeung goemati enggoning raksa akar majang teh. S[illegible] kahiroepan boh kasenangan tangkal . . . . . dj. s. t. teh go[illegible] mantoeng kana kaajaanana si a[illegible] majang tea.

—o—

# Leuwi seuri

OETEUK TONGO . . . . .

[illegible] teu [illegible] silaing [illegible] bae dalem sa-boeman!"

Bewog : „Sanggoe, ran!"

Kardoen : „Sinhuit!" Ambeh [illegible] 1.50 . . . Loma 1.250. — Moen dipake [illegible] meureun boga imah gede milik sorangan, deuih!"

Bewog : „Poegoeh kitoe teamah, tapi timana dewek boga dacit sa-kitoe lobana ?" . . . . . . Ateuh tjing dewek bere ngindjeum, soepaja boga imah sorangan!"

Kardoen : „Har ari silaing, boro-rasah mere ngindjeum ka batoer, singkoh dewek oge imah teh njewa keneh!"

—o—

Moretekeun . . . .

Misnem : „ Abong kena oesoem tigerat. Nji Wiem mah hihid oge anoe ngan [illegible] harga sen-senan geus teu kabeuli, nepi ka saloempit awi dipake hihid. Katjida teuing hiroep teh!"

Roro : „ Geuning Inem njaho jen Nji Wiem hihidna saloempit awi, njaho ti saha, naha manehna so-rangan njarita?"

Misnem : „ Henteu njarita kitoe-kieu manehna mah, ngan waktoe oeing ngindjeum hihid, manehna ngasongkeun eta."

Roro : „ Oh, atoeh mending Nji Wiem, saloempit-saloempit oge bo-ga keneh, ti batan Inem anoe ngan oendjam-indjeum bae mah."

(Monjong.)

---

II

Sakoer anoe mareunang pangarti sakola-sakola, boh sakola andap sasnawiena sakola loehoer, boh sakola anoe diadegkeun koe pamarentah boh noe lain, naranehana teh baroga hoetang boedi ka rajat oemoem, sabab sanadjan dihenteu - henteu oge rajat teh mariloe mere waragad pikeun ngadegkeun eta sakola-sakola tea, nja eta koe roepa roepa padjeg anoe dibalajar koe ma-neha.

Pikeun males boedina rajat tea, kenasabah pisad kaoem Intelek [illegible] toemaket mikaheman ka rajat [illegible] bari ngaping [illegible] kan pangaboetoehna ka-poemponan.

Lamoen [illegible] Intelek aja anoe m[illegible]ahkeun maken ti rajat eta nandakeun jen tatjan majar boedi ka noe minterkeun manehna tea. Tjindekna :

Noe asih oelah dipoelang sengit!
Iraha rek moelang tarima teh?

*TJEPE*

---

Karangan-karangan lebetkeu-[illegible]na „Sinar Krawang" [illegible] saeutik patri, maloem [illegible] Krawang" masih keneh [illegible] pakeun.
Moegi diemoetkeun!

*C. van Red.*

---

# MANGLE

**Henteu oenggoet kalindoean Djawaban anoe satarabasna.**

Sanggeus Soeltan Soelaeman ngarampas dajeuh Belgrado, toeloej andjeunna moelih deui ka nagarana (Istamboel), sarta teroes ngajakeun pesta pikeun njoekakeun laskarna noe mentas parerang.

Koelantaran katoengkoel kana ia² bae, nepi ka loba di antara eta laskar² tea anoe ngalanggar kana parawonan oemoem, malah nepi ka aja anoe wani ngarampas ba-rang² milikna hidji randa anoe ngabogaan anak opat.

Isoekna K. Soeltan toenggang koeda ngoerilingan dajeuh.

Eta randa teh megat di tengah jalan, brek tapak dekoe, tjong njembah bari oendjoekan, ngoen-djoekeun jen barang-barangna di-rampas koe serdadoe-serdadoe tea.

Lahir K. Soeltan :„ Dina waktoe [dj]arita maneh keur aja dimana ?"

„Soemoehoen dabdi Goesti noe [ng]joe mondok, kaoelanoen," walon [e]ta randa teh.

K. Soeltan :„ Lamoen kitoe mah, [a]toeh salah maneh, naha koe ma[n]eh henten didjaga bener-bener ?"

[illegible] Goesti [illegible] parantos [illegible] ngadjadikeun ka Dampal [illegible] anoe parantos [illegible] oerang Belgrado tea.

[illegible] koe mawi abdi goesti wantoen [illegible] mondok teh, margi tjek emoetan abdi Goesti, [illegible] Dampal Goesti [illegible] ngadjagi ka amanah

dajeuh kagoengan Dampal Goesti koe andjeun."

K. Soeltan goemoedjeng ngadangoe pioendjoekna eta randa teh, sarta tseloej moelih ka karaton.

Isoekna andjeunna toeloej nitwa-rangan ka gandeksa ngantoskeun roepa anoe mas ka eta randa tea, anoe lobana sapoeloeh kalieun harga barang-barangna anoe dirampas tea.

ooOoo

### Naon ari Idenal?

Ideaal teh hartina tjita-tjita (karep) anoe diboektikeun koe prakna.

Moega-moega Goesti Allah kersa ngeusian dadana bangsa oerang koe eta sipat, anoe baris ngandelan djeung ngoedag rasa kamanoesaan, kamoeljaan djeung kamashoeran! Amin.

Sim koering inget kana lalakon: Thomas Alva Edison, anoe geus bisa ngahontal kapinteran anoe sakitoe loehoerna — Napoleon Bo-naparte anoe nalockeun meh sakoe liah nagara Eropa sarta anoe nga uashoerkeu karadjaan Parasman, djeug Christoffel Columbus anoe geus wani ngambah laoetan Atlantic koe kapal lentik.

Lian ti eta pirang-pirang para satria anoe geus mikatjinta ka bangsa katoet lemah tjaina, anoe geus ngorbankeun ianagana, milik na malah nepi ka rajana pikeun ngahontal ideaalna saperti :

Wilhelm Tell, Andreas Hoffer, Washington, Franklin, Dr. Sun Jat Sen, Gandhi dj. s. t.

Tjita-tjita para satria anoe kaseboet di loehoer kabeh oge di barengan koe kamoeliaan djeung katigi-nan.

Moeljana, njaeta hasil oesahana teh henteu dipiharep koe andjeuna pribadi bae, tapi pangpangna keur kaperloean oemoem.

Tiginna, tara gembangan ana mikarep djeung migawe hidji pagawean, lamoen tatjan nepi ka boekti hasilna.

Estoe pitjontoeun!

SENDJATA WISNOE

—o—

BATOETOELIS DI BOGOR.

Noeroetkeun pamanggih toean Pleijte djeung profesor Kern, oe-nina aksara dina batoetoelis noe ajeuna aja keneh di deukeut Bogor kieu tjenah.

„Gawangna poen. Itoe sakakala Praboe ratoe poerane poen. Di wastoe dia wingaran Praboe Goeroe Dewatabhana. Diwastoe dija dingaran Sri Badoega Maha radia, Ratoe Hadji di Pakwan Padjadjaran Sri Sang ratoe De-wata poen ja noe tjoesoekna Pakwan. Dija anak Rahjang De-wa Niskala, sasida mokta di Goe-na-tiga, intjoe Rahijang Niskala Wastoe Kantjana, sasida ka Noe-sa Larang. Ja sija noe njian sa-koeta ka goegoenoengan ngabalaj, njian sa? da, njian Sanghiang talaga Rena Mahawidjaja, ja sija poen. oo. Isaka pantja pandawa eban boemi."

Demi pihartieunana lamoen di-soendakeun mah kira-kira kieu :

„Boeboeka. Dihandap tjatetan kana taoen Isaka, Praboe Ratoe. Ti dinja didjenengan Praboe Goeroe Dewata bhana, geus kitoe didjenengan deui Sri Badoega Maharadja. Kandjeng Goesti (ra-dja) Padjadjaran, Djoedjoeloek Sangratoe Dewata. Anoe ngada-mel Pakwan. Andjeunna poetra Rahijang Dewa Niskala, anoe geus poepoes, dikoeboer di Goenatiga. Intjoe Rahijang Nis-kala Wasta Kantjana, noe poepoes sarta dikoerebkeun di Noesa Larang. Nja andjeuuna noe nga-damel karaton di pagoengan, ma-ke dikoeta sakoerilingna, noe ngadamel sa? da noe ngadamel Sanghijang talaga Rena Mahawi-djaja, nja andjeunna dina taoen pantja pendawa emban boemi-(1455). (Pasoendan).

—o—

DR. SUN JAT SEN.

Sanadjan di antara para mitra geus loba oge anoe oeninga kana tjarita Dr. Sun Jat Sen, tapi rarasaan mo aja matakna lamoen „S. K." pi-piloeeun nerangkeun saeutik-eu-tikeun tapak lantjak andjeunna di-na keurna hiroep keneh sakadar pikeun loeang koendangeun oerang, malak mandar aja poeloenganeunana

Dr. Sun Jat Sen teh lain bae hidji Nationalist djeung djempolan kamerdikaan Tiongkok anoe poha-ra diagoengkeunana koe bangsa Tionghoa, tapi di antara golongan Indonesiers oge teu Koerang-koe-rang noe ngahormat kana tang-toengan andjeunna, sabab dina waktoe andjeunna aja keneh di kieuna, remen njieun propagando Pan-Asiatisch djeung nerangkeun jen pergerakan-pergerakan di naga-ra sabeulah wetan t[illegible]kaasoep oge [illegible]oerang [illegible], dianggap koe andjeunna hidji [illegible] per-gerakan ti salakoemna doenja wetan.

Andjeunna mikarep soepaja sa-kabeh bangsa-bangsa wetan (Asia) digawe babarengan. Tangtoen [illegible] andjeunna kitoe teh nandakeun [illegible] andjeunna teh hidji Notionalist

anoe leuа tiingalieunana.

Eta maksoed Dr. Sun Jat Sen kitoe teh, koe sawareh mah dianggap „berbahaja", tapi pasanlene kitoe, teu aja anoe bisa ngahalang-halang, pilah djeung gerakna dja-man djeung anoe ngadjamanna.

Noe sedjen meunang ari ngala-rang mah kana njebarna boekoe karangan andjeunna anoe dingaranan „Sam Bin Tjoe Gie" djeung noe lian meunang ari njaram mah kana njeboetkeun kekecap „merdika", tapi ari anoe bisa ngalarang kana kamerdikaan mikir djeung ngarasa mah, bawa rasa teu aja pidjelma-eunana noe sanggoep.

Sanadjan tjek bedja talieun boe-koe „Sam Bin Tjoe Gie" anoe basa Malajoe dilarang oge pikeun dise-barkeun di dieu, tapi pikeun anoe tjaringtjing di Indonesia mah tang-toe loba anoe njaraho saha ari Dr. Sun Jat Sen teh. [S. P].

---

## Moen teu koeat koedoe goejoeb, atoeh ? !

Ngadenge bedja, jen anoe baroga panggilingan pare diwewengkon regentschap Krawang ajeuna geus ngadegkeun koempoelan, noe dise-boet Rijstpellerijen Bond.

Lamoen anoe baroga panggili-ngan geus barisa njieun koempoelan djeung batoer-batoerna pikeun ngoedag kana kamadjoean djeung kaoentoengan paoesahaanana, asa pohara teu kahartina lamoen oerang kaom patanen make teu bisa noe-roetan tjara kitoe.

Di antara noe maratja ieu soerat kabar tangtoe aja anoe njeboetkeun, koemaha rek bisana noeroetan itoe, da itoe mah loba doeitna, rek kitoe rek kieu oge tangtoe bisa laksana, maloem „o e a n g p o e n j a k e r a s."

Koemaha ari kaom patanen bang-sa oerang mah?

Eukeur marasakat teh katoeroeg-toeroeg barodo djeung henteu ga-roejoeb deuih!

Maksoed sim koering oge sina noeroetan teh heulakeun goejoebna sahatena, ngahidjina, ngingetkeun saoer djrg. Ir. Soekarno tea mah

Bersatoe kita tegoeh,
bertjerai kita djatoeh.

Koe goejoeb mah moal aja paga-wean beurat!

Koe ragem mah moal aja perkara hese!

Naon gawena lamak sasowek? Meh teu aja, lain?

Tapi lamoen loba, sarta teroes dikapoet disamboeng - samboeng keun, tangtoe aja roepana, nja eta noe diseboet „Badingkoet".

Naon kakoeatanana bata [illegible] ngan sahidji? Ieu oge meh teu aja.

Tapi lamoen ditoempoek-toem-poek, diatoer koe atoeran sakoema-ha mistina, djoldjol breh bae djadi tembok anoe koeat toer koekoeh.

Kaoem patanen bangsa oerang, naha kira-kirana bisa ngajakeun modal nepi ka f 10.000 (sapoeloeh rewoe roepia)?

Amboeing! meureun tjek noe maratja.

Timana rek pibisaeun, da tadi oge geus ngakoe jen kaoem patanen bangsa oerang teh malarat, manasi-na noe baleunghar!

Ngajakeun modal sakitoe keur moenggoeh noe baleunghar mah meureun koe 10 djalma oge papa-toengan f 1000 sewang geus mahi.

Oerang mah entong kitoe teh, da poegoeh sakieu sarealna!

Tapi sanadjan kitoe oge, ari nepi ka beak pangharepan mah oelah!

Na koemaha atoeh?

Nja eta djimat paripih „S a h a t e" tea oerang petakeun!

Bibilintik saoerang saeutik, lila² pirakoe nepi ka teu katepi boga modal f 10.000, ongkoh batoer oerang teh loba, lain doea tiloe rewoe, tapi poeloehan ratoesan rewoe, malah malioenan!

Iraha deui oerang rek metakeun papatah karoehoen anoe sok dise-seboet teh, saperti :

Ka tjai djadi saleuwi
ka darat djadi salogak
sareundeuk saigel
sadoelang sapihanean?

Naha koe diseboet bae, daradjat martabat bangsa djeung lemah tjai oerang bisana madjoe teh?

Asa pamohalan lamoen ngan ki-toe bae mah, nepi ka leboer djagat, kaajaan oerang tangtoe itjikiboeng dina tahapan handap bae.

Tjing atoeh geura sarlngkil, tata-roeka ngabaladah pikeun ngamadjoe-keun paoesahaan oerang, sangkan kaloeginaan oerang tereh kahontal

Hajang merdika, hajang merdika!

Koemaha rek bisana merdika, la-moen kahiroepan oerang masih ke-kerehet keneh mah!

Prak geura aroesaha, omean eco-nomi oerang, oelah diengke-engke deui, bisi beuki djaoeh katingga-leunana koe bangsa sedjen.

Djalaran mah teu rek ngabibisa-ni, rek ngadegkeun koperasi, rek [illegible] Loemboeng rajat djal[illegible] ha le bae, asal hajang tantoe pareng!

Kabehdieunakeun meunang bedja jen di Djatiragas kawan oesaha-na djrg. Enda [illegible] keun pang-gilingan pare.

Moega-moega pamanggih djeung kaloeloeatan sareret.

Amenat sim koering ka sakoemna [illegible] rek ngadegkeun, deui [illegible] maggoenoena koedoe aliati pisan, [illegible] djeudjeung djeudjeung djeurtjaja sarta pertadjeun, sangkan henteu katjadian melengkoeng beakas njalahan.

Pandji hosetan oelah dipandjil, sing salae sarta lewekal, oelah waka cateuk oenala [illegible] tatjan lahirna maksoed.

Entong loba teuing tjatoh, kadjeun teuing ngan saroepa asal djoenoen, sabab mending saroepa tapi sam-poerna, ti batan loba hanja anoe teu anggeus.

Ka kaoem terpeladjar anoe mi-tjinta ka bangsa djeung lemah tjai Indonesia sim koering menta ka arandjeun.

Pangpin-aping bangsa andjeun kana djalan kasampoernaan djeung kamadjoean.

Sabab kamoendoeran bangsa an-djeun anoe loba, eta moal matak ngamoeljakeun ka arandjeun.

Harkat daradjat arandjeun goe-manteung kana kaajaan bangsa an-djeun.

SENDJATA WISNOE

---

*Sinar Krawang No. 2 elat kaloearna. Djalaran aja wagelan dikantor tjitak.*

---

## „Rahajat djeung pangadjaran"

Lamoen arek bosen tea mah tangtoe malak bosen deui ngoe-roeskeun ieu masalah teh, sabab geus sering pisan didadarkeunana, boh koe pagoejoeban politik boh koe pagoejoeban sagawe (P.G.I.), nja kitoe soerat-soerat kabar, boh noe ngentja boh noe ngatoehoe, geus parandjang lebar pisan ngalatoear-keunana pamandangan tina ieu masalah teh. Ngan pamandangan soerat kabar kentja djeung katoe-hoe althans soerat kabar kaoem sa-nah, nadjan enja oge pada-pada ngaloearkeun hoedjah, tangtoe moal saroea pisan malah boa-boa beu-rang djeung peuting bedana teh djeug soerat kabar kentja mah al-hasil anoe djadi tarompetna kaoem marhaen. Ari koe kitoe tea mah geus teu koedoe heran deui, reh geus [illegible] di tempatna, saba-[illegible] oen moen [illegible] saloejoe, haram moen pasalia.

Sanadjan ieu masalah teh geus dipaledar koe mangroepa-roepa soerat kabar, tapi asa teu aja salahna lamoen „S. K." oge miloe iloebi-oeng medarkeun ieu masalah, malah mandar aja pigaweeunana babakoe-na pikeun noe tatjan oeninga.

Lamoen oerang daek nginterview ti masrik nepi ka magrib, toenjoe tanja ka sadjagat goronjangan, asa moal manggih pioemateunana anoe njeboetkeun kalawan jakin, jen pangadjaran teh lain masalan noe penting. Koe sabab eta pohara moenasabahna lamoen reboet bener tina perkara teu mah sok pohara ramena.

Kapan estoe lali rabi tegang pati tjarek bobodoran tea man, sabab anoe dibelaanana oge hidji mas'alah anoe pohara pentingna.

Ari anoe matak sakitoe soson-sosonna dina ngabelaanana, sabab :

Kaludji geus diwadjibkeun koe Goesti noe Maha Soetji anoe ditoe-lis dina Koeran, jen wadjib anoe djadi kolot teh ngawaris harti ka noe djadi anakna, sarta bakal meu-nang siksaan lamoen ngalalawora-keun kana eta kawadjiban.

Kadoea dipaksa koe massa, sarta bakal meunang tjap rendah sarta hina golongan longsana, lamoen tatjan ngantongan pangadjaran.

Katiloe bakal katikoeng hiroep koemboehna koe bangsa [illegible] nagara noe geus [illegible] kamadjoean.

Koe sabab eta, pohara perloena ieu masalah teh dipib[illegible] koe sa-koem bangsa manoe[illegible] pi-keun bangsa oerang anoe djadi rahajat patjloekan [illegible] oesik-ma-likna dikeukeun [illegible] bangsa deu-ngeun, geus [illegible] deui; tapi wadjib k[illegible] poporose kana pangadjaran teh, sangkan tereh-tereh [illegible] bisa awas reu-djeung atra [illegible] okeun, ngabedakeun [illegible] kalawan ja[illegible] garis-garis hak pribadi, [illegible] kawan mana lawan, reudjeung [illegible] nepi ka kasoelap koe barang [illegible] poepoesan, anoe pinoeh koe kapalsoean.

Ieu pasal pangadjaran, di nagara deungeun [illegible] althans nagara anoe malerdika, [illegible] dinomerhidjikeun [illegible] diwadjibkeun [illegible] djadi rahajatna anoe dikoealkeun [illegible] roepaning wet, jen wadjib pis[illegible] si noe djadi kolot [illegible] akna anoe geus ma-[illegible] ernа; sabalikna noe [illegible] daek [illegible] jakeun boedak kanoe

geus sawawa pikeun asoep ka sa-kola, geus tangtoe meunang hoe-koeman. Toeh nepi ka kitoe kaaja-an di nagara deungeun mah, naon jai teh pohara didjeudjeutkeunana, malah nepi ka ieu tjoekoer koe di-djeudjeutkeun koe, tapi mani diben-tengan koe wet ditoenggoenan koe antjaman anoe mangroepa hoekoe-man. Paingan sakitoe maradjoena.

Ieu wet anoe saroepa kieu teh nadjan di nagra Walanda oge aja, sarta didjalankeun sakoemaha misti-na kanoe djadi rahajatna, althans bangsa Walanda. Koemaha ieu wet teh pikeun bangsa oerang (In-[dones]ier) anoe tjarek maranehna „[illegible] Walanda) oerang teh kaasoep djadi rahajat nagara Walanda ?

Nepi ka ajeuna tatjan aja kele-meng-kelemengna atjan.

Tadi di loehoer geus diterangkeun jen hal pangadjaran teh pohara di-pentingkeunana koe hiroep koem-boeh, sabab nja kapinteran pisan anoe bisa ngalaksanakeun sakoemna tjita² oerang kalawan gantjang. Pikeun tjonto ieu noe noelis rek ngadongeng :

Goesti Allah geus ngandika ka K. N. Soelaeman, anoe maksoedna kira² kieu : He Soelaeman, ajeuna kami rek ngagandjar ka maneh, sarta maneh meunang milik hidji diantara anoe tiloe, nja eta : 1e Karadjaan, 2e kabeungharan, 3e Kapinteran.

Ieu tiloe roepa piliheun pohara matak ngalieurkeunana, pikeun anoe boga bakal rajoengan djeung koe-rang djeudjeuhan mah. Tjek sawa-reh meureun mending karadjaan, sabab nja ieu pisan harkat martabat anoe pangmoelja - moeljana teh moenggoeh pangkat di doenja. Tjarek sawareh deui ah mending oge milik kabeungharan, kapan nja kabeungharan pisan anoe bisa ngalaksanakeun sagala tjita-tjita ati teh, malah nepi ka aja basa oeang poenja kawasa.

Tapi koemaha ari pikeun kan-djeng Nabi? Estoening teu kasa-maran teu ad-ad teu asa-asa ana djeprot teh moendoetna kana ka-pinteran. Anoe matak K. N. Soe-laeman mah kapinteranana teh estoening oenggoel ti batoer, neng-gang ti kantja noe rea. Malah koe pinter-pinterna, nepi ka ngartoseun kana sakoemna basa anoe diparake koe sakoemna mahloek eusining doenja. Hartina oelah boh basa-basa anoe di parake koe manoesia, pikeun andjeunna nadjan basa anoe dipake koe sato-hewan Djin setan merkajangan oge kabeh kahartoseun. Koe sabab sakitoe pinterna tea, oelah boh sipating manoesa nadjan gegeremetan boemi oeteuk tongo walangtaga ti sadjagat gorom-jangan, pada anoet ka andjeunna.

Gantjangna tjarita, kandjeng Nabi iasa kenging karadjaan anoe poha-ra gedena, sanggeus ditjepeng koe andjeunna eta karadjaan teh djadi pohara madjoe, beunang diseboet-keun [illegible] paling, towong rampog, estoening [s]arta rahardja. Koe sabab eta keuna pisan kana babasan anoe tani mararoekti, anoe [illegible] sa-renang, kaoem boeroeh me[illegible] medoeh, estoening hoerip goesti waras abdi teh geus lain bab san deui, tina anoe njang nagri la[illegible] denda njakrawati, estoening ratoe Imoewih, sabar adil palamarta. Ioe hoeng agoeng pinandita. Katjeloek kaawoen-awoen, kawentar ka mana mana, jen karadjaan K.N. teh moe-rah sandang moerah pangan, rea ketan rea keton beunghar teu aja tandingna.

Tah pang kandjeng Nabi nepi ka kitoe teh koe mawatna kapin-teran. Djadi koe kapinteran mah eta gandjaran anoe tiloe roepa teh djadi karampid kabeh, a.hasil K. Nabi teh nja pinter, nja djadi radja nja beunghar deui.

Ajeuna koemaha lamoen kandjeng Nabi anoe masih bodo teh milik kana karadjaan, naha kira-kirana bakal lana aja dina kamoeljaan? Eta karadjaan teh bakal bisa hiroep soeboer diradjaan koe radja [illegible] pat artja, reh tjan boga kapinteran?

*(Baris disamboeng)*

---

# ATIKAN

**Biantara agama Islam koe djrg. ANWAR SANUSI**

„Anjara ieu di boemina djrg. Hadji Zen di Dawoean geus diajakeun gempoengan pikeun ngadegkeun biantarana djrg An-war Sanusi ti Garoet tina perkawis agama Islam, [illegible] tjampe tilam.

Eta biantara lilana koerang leu-wih doea djam satengah, sarta disadiaan waktoe satengah [illegible] pikeun rondvraag (pananja) [illegible] saha anoe rek nanja.

[illegible] anoe dijarkeun kira-kira kieu :

Agama djeung [illegible] koedoe moelja boh [illegible] batiima (Doenja aher[illegible] kamoeliaan [illegible] sorangan lamoen he[illegible] koe ihtiar, soemawo[illegible] woengkoel ngagedo[illegible] kan bae.

Bener teh ngan [illegible]

---

## Djawaban ti C. v. R.

**Djoeragan S. di G.**

Enteh ti Serang oge tiasa didamel enteh sintek.

Doepi ngadamelna kieu :

Djenggangna 8 djam dipirepkeun 2 wengi. Salebetna sajagi peti anoe nganggo tarikan. Eta enteh diam parkeun kandelna 12 cm. teras di [illegible] kembang malati anoe koe [illegible] [illegible] ngaleuh di Pakalongan [illegible] lana nganggo nj[illegible].

[illegible] kembang kitoe ka doegi ka eta peti pinoeh, nanging kembangna oelah kandel teuing, oetamina mah didjadjarkeun hidji-hidji.

Oenggal-oenggal tabapan disiram koe tjai atah koe entar tapi oelah baseuh teuing, soepaja kembang tea bisa megar dina djero 24 djam.

Sabadana teroes diamparkeun deui dina tampir (njiroe gede), pi lihan kembangna, sarta pisahkeun.

Eta kembang kenging dianggo deui keur ngembangan enteh no 2 (atoeranana sapertos di loehoer bae . . . . . . kitoe bae sateroesna dongkap ka eta kembang tiasa di anggo 3 kali. Parandene kitoe eta kembang teh oelah teras dipitjeun, nanging toehoerkeun, kanggo njam poeran enteh dimana hade diboeng koes.

Enteh anoe tadi tea oepama parantos dibantoenan kembangna, teras diangin-angin soepaja toeoes.

Dimana parantos toeoes, diga-ringkeun dina djoeboeng kinten kinten 8 djam.

Oepami parantos kitoe, nja djadi enteh Sintek.

Djabi ti eta kanggo ngamadjeng keun paoesahaan enteh, oerang oelah sieun waragad pikeun soeng koesna.

**Djoeragan T.H. di S.**

Patarosan djoeragan perkawis ngadamel taoetjo, koemargi ajeuna seepeun tempat, engke dina S.K. No. 3 bade didjawab.

Moegi ditawakoep.

**Djoeragan - djoeragan Rd. T. di Dj. sareng M.B. di Serang.**

Idem.

C.v.R.

---

moal tiloe.

Bener dina agama [illegible] noeroet kana parentah [illegible] nionto ka sakoe[illegible] koe Rasoelellah[illegible] nerangkeun naon hartina [illegible] waldjamaah.

Anoe ngaroeksak agama [illegible] henteu kaliwat kabeh [illegible]

Ti dinja teroes njaritakeun [illegible] prakanna sidekah, djakat, [illegible]

Dina [illegible] naranjakeun [illegible] tina hal takid.

Eta pal[illegible] diadoe renjomk[illegible] na rada lila [illegible] diterangkeun kalawan [illegible] djrg Anwar Sanusi, [illegible] teroes repeh sarta teu lila [illegible] an boebaran.

—o—

1. Tangtoengan oerang [illegible] njakolakeun anak teh [illegible] waengkoel ditoedi[illegible] djereng [illegible] sabab [illegible] oerang [illegible] koe [illegible] oerang, boh [illegible] wongan dina [illegible] boeroeh tea, [illegible] ngarasa handjakal, [illegible] jen sakola teh [illegible] hal di [illegible]

## DRUKKERIJ TAMPOMAS

*Tiasa njoemponan kana kahojongna pamesen.*

kasar atawa

---

*NOE PANG KADJODJONA MOENG!*

## „SALHOEM"

**Kleermaker-Wasscherij-Ketoe-Oedeng „Toeloeng-Menoeloeng" di Tjiloewek (Tjikampek)**

Koemargi djaman tigerat, teu aja noe bireuk kana merk anoe kasebat di loehoer, margi teu aja anoe pangmirahna, kawoewoeh enggal.

Sareng nampi kengkenan (pesenan), pangaos kenging badanten, sapertos: djas, pijama, ketoe-oedeng enz.

Oge minatoe (wasschery), oepami ngalanggan, ditanggel sanis-kanten karesakanana, sapertos: beuheung (panangan) raksoekan peupeus, diboengkoes; soweh, ditisi; kantjing peupeus (itjal), digentos zonder ongkos.

Pangaos biasa sareng tampi di boemi. Enggal ngalanggan (ngengken), oelah lali!

6 S. K.

Noe ngadjeng-ngadjeng
**SALHOEM**
**Eigenaar.**

---

## MINATOE - BETAWI
**di**
**PASAR (DAWOEAN).**

!

Padamelan ditanggel beres, bersih sareng enggal;, ongkos njoegemakeun. Wool, palmbeach, dipidamel speciaal. Parantos kenging serat poedjian; mangga boektoskeun.
Diadjeng-adjeng pisan, 8|S. K.

---

## Toko „WALOEJA"
KOSAMBI

Ngitjal roepi-roepi barang parabot boemi saperti lo-kari, medja, randjang beusi sareng seueur-seueur deui.

Tiasa kontan atanapi huurkoop
pangaos toemoet djaman

Eigenaar,
OESMAN

sabab ... ma ... eus anoe ... koerang an ... sawah beak ... njiroeroek di imah ba... ...a kajana dipake modal kari ...onkeun kanoe lian, ar... ...delkeun panjamb... ...n. Leuneur ... oe nja...

---

## Fotograaf Jat Moy
TJIGALOEGOER — POERWAKARTA

Trima pekerdjaan potret, bikin besar dan bikin Merk dari zink atau katja.

Harga ditanggoeng menjenangken

---

**TOKO SEPATOE CENTRUM**
**POERWAKARTA**

Trima bikin segala matjem sepatoe en djoega ada sedia roepa² sepatoe dan slop² *model paling baroe*

**Harga paling pantes**

---

## DRUKK. „TAMPOMAS"

*Moeng hidji-hidjina drukkerij gadoeh-na bangsa priboemi di wewengkon Regentschap CHERIBON.*

*Padamelan ditanggel:*

mirah
enggal
rapih

PEKAROENGAN No. 31
CHERIBON

---

## Boekoe pangadjaran Ngatjapi ka I sareng ka

fotos, tjek

tiasa

---

**DRUKKERIJ „TAMPOMAS"**
POERWAKARTA

---

**Boekh. M. I. Prawirawinata**
Logeweg :: Bandoeng

---

## AUTOBUS „PENG AN"
**Poerwakarta - Batavia vice - versa**

**Karetana sae toer bersih, sewaanana mirah. Gantjang sareng aman. Mangga geura taroenggang ditampi sinareng kahormatan.**

Hoermatna,
Eigenaar Autobus „PENG AN" Poerwakarta

---

Anoe ngagaleuh sareng anoe ngalebetan advertentie kana soerat kabar

## »SINAR KRAWANG«

...na sami bae sareng:

**a. Ngadeudeul madjoena bangsa sareng lemah tjai Indonesia.**

**b. Nambahan roepi² pangaweroeh**

**c. Ngamadjengkeun paoesahaanana.**